



Pou Piblikasyon Imedya: 12/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO INISYATIV POU DOUBLE POUVWA DACHA  
POU BENEFISYÈ SNAP YO NAN MACHE KILTIVATÈ YO**

***Inisyativ FreshConnect Fresh2You a kounye a bay chèk 2 dola pou chak 2 dola yo depanse nan kad Pwogram Nitrisyon Sipleman tè a, apati 2 dola pou chak 5 dola yo depanse***

***Pral pèmèt fanmi ki nan bezwen yo achte plis manje ki bon pou sante, ki gen ladan pwodui, pwodui letye, ak vyann, k ap ede konpanse dènye rediksyon nan benefis SNAP yo ak kou enflasyon yo epi ogmante revni pou kiltivatè New York yo***

***Baze sou angajman Gouvènè Hochul pran pou ranfòse agrikilti New York ak apwovizyonman manje lokal yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon nouvo inisyativ ki pral double pouvwa dacha pou benefisyè Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman tè yo nan mache kiltivatè yo atravè Eta New York. Pwogram FreshConnect Fresh2You a pral kounye a bay Nouyòkè yo yon korespondans dola pou dola, ki pral pèmèt fanmi ki gen bezwen yo achte plis manje ki bon pou sante, sa gen ladan pwodui, pwodui letye ak vyann. Nouvo inisyativ sa a pral ede konpanse dènye rediksyon nan benefis SNAP yo ki te fè pati efò sekou pandan pandemi an ansanm ak kou enflasyon rekò, bay kiltivatè New York yo plis revni, epi ranfòse apwovizyonman manje lokal pandan l ap elimine mank manje, ki pami objektif yo ki dekri nan pwopozisyon Bidjè Egzekitif Gouvènè a ak diskou sou Eta Leta li a.

"New York te pran mezi enpòtan pou devlope relasyon solid, ki benefik mityèlman ant kiltivatè lokal yo ak kominote yo nouri yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo inisyativ Fresh2You a pral ede asire Nouyòkè yo gen plis lajan pou depanse nan manje ki bon pou sante tankou pwodui letye, vyann, pwodui ak plis ankò, pandan l ap kreye pi gwo rezilta sante, yon elan ekonomik pou kiltivatè New York yo ak yon chèn apwovizyonman manje ki pi solid".

Inisyativ FreshConnect Fresh2You a pral kounye a bay benefisyè SNAP ki nan mache kiltivatè k ap patisipe yo chèk 2 dola pou chak 2 dola yo depanse nan kad pwogram SNAP la, apati 2 dola pou chak 5 dola yo depanse. Nouvo inisyativ sa a fè pati

Pwogram Chèk FreshConnect depi lontan an, ke Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York jere. Li ede elaji aksè a manje fre nan kominote defavorize yo, amelyore rejim alimantè moun nan kominote sa yo ak ankouraje devlopman ekonomik nan sipòte kiltivatè lokal yo. Lè yo pèmèt achte pwodwi letye, vyann ak plis ankò anplis acha fwi ak legim, pwogram FreshConnect la sipòte plis kiltivatè toujou atravè Eta New York.

Nenpòt kiltivatè oswa machann k ap vann yon atik manje ki elijib pou SNAP nan nenpòt ki mache kiltivatè, yon kyòsk fèm oswa mache mobil k ap fonksyone nan Eta New York ka aksepte yon Chèk FreshConnect epi kounye a patisipe nan inisyativ Fresh2You a. Chèk yo ka itilize pou achte pwodui letye, pwodui, vyann, pwason, ze ak plis ankò.

Inisyativ FreshConnect Fresh2You a pral lanse epi ap disponib pou konsomatè yo nan dat 15 avril. Operatè mache yo pral resevwa tou nouvo materyèl maketing ak fòmasyon sou nouvo inisyativ la.

**Komisè Agrikilti Eta New York (New York State Agriculture) la, Richard A. Ball, te deklare,** "Nou kontan anpil pou nou lanse nouvo pwogram korespondans sa a, nou konprann enpòtans sa li pral vle di pou konsomatè yo ak kiltivatè New York yo. Li pral ogmante aksè a yon bann manje ki bon pou sante ak nourisan, sa ki pral pote yon benefis dirèk pou kiltivatè ak pwodiktè nou yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li rann sa posib, ak pou angajman li nan agrikilti New York ak paske l ranfòse sistèm manje lokal la".

**Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Daniel W. Tietz, te deklare,** "Pwogram FreshConnect la kontinye ofri nouvo fason inovatè pou Nouyòkè yo jwenn aksè fasil nan manje fre ki pwodui lokalman ke yo ka achte avèk benefis SNAP yo. Sa pral ogmante pouvwa dacha benefisyè SNAP yo pandan l ap benefisyè kiltivatè lokal yo ak mache kiltivatè yo atravè eta a".

Anplis de konsomatè SNAP yo, pwogram Chèk FreshConnect la disponib tou pou veteran, manm sèvis yo ak fanmi imedya yo pou yo sèvi ak benefis yo nan mache kiltivatè Eta New York, kyòsk agrikòl ak mache mobil yo. Veteran yo ka resevwa 50 dola nan kupon FreshConnect ane sa a ki soti nan biwo Depatman Sèvis Veteran Eta New York.

**Komisè Depatman Sèvis Veteran Eta New York la, Viviana DeCohen, te deklare,** "Korespondans dola pou dola pou inisyativ FreshConnect Fresh2You bay benefis ki sove lavi moun nou sèvi yo. Pwogram sa a pral ogmante disponiblite ak aksè nan pwodui ki bon pou sante ak fre pou moun ki plis bezwen li. Inisyativ FreshConnect Fresh2You se yon zouti enpòtan pou nou asire tout Nouyòkè yo gen aksè a manje konplè ak nourisan".

**Diane Eggert, Direktè Egzekitif Federasyon Mache Kiltivatè nan New York, te deklare,** "Inisyativ FreshConnect Fresh2You a pral ede anpil kliyan ki pèdi kèk nan benefis SNAP yo akòz rediksyon nan pwogram SNAP la. Sa ba yo yon gwo kout pous nan pouvwa dacha yo epi ankouraje yo achte dirèkteman nan men kiltivatè nan anpil

mache kiltivatè atravè eta a. Sa bay pwogram nan yon avantaj doub nan ede moun ki gen benefis SNAP yo manje yon rejim ki pi bon pou sante, ki rich nan manje lokal yo, pandan l ap an menm tan ogmante lavant manje kiltivatè lokal yo kiltive ak pwodui epi ede soutni agrikilti lokal yo. Nou rekonesan pou angajman Gouvènè Hochul pran pou sipòte manje lokal yo ak kiltivatè yo nan eta a".

**Majistra Rochester, Malik D. Evans, te deklare,** "Mache Piblik Vil Rochester a gen yon tradisyon depi lontan pou yo se yon refij manje fre, ki bon pou sante ak abòdab nan yon anviwònman iben kote pa gen anpil chwa ki sanble. Ekspansyon sipleman FreshConnect sa a pral pèmèt ankò plis sitwayen nou yo jwenn aksè nan manje lokal ki bon pou sante yo epi elaji plis pase 1 milyon dola nan benefis SNAP yo te deja echanje nan mache a. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul paske li te etabli pwogram sa a, ki pral bay tou yon sous esansyèl revni adisyonèl pou kiltivatè lokal yo ak lòt machann nan mache a".

### **Konsènan Mache Kiltivatè yo nan Eta New York**

Mache kiltivatè yo konble yon twou vid ki genyen nan chèn apwovizyonman manje lokal New York yo lè yo amelyore aksè ak ankouraje konsomasyon manje ki pwodui lokalman epi sipòte tranzaksyon dirèk ant kiltivatè ak konsomatè. Mache kiltivatè yo, kyòsk fèm yo ak mache mobil yo se eleman enpòtan nan yon sistèm manje ki bon pou sante. Jodi a, New York gen plis pase 400 mache kiltivatè, 250 kyòsk agrikòl, ak 10 mache mobil. Yo bay pwodiktè agrikòl yo debouche pou satisfè demann konsomatè k ap grandi pou yon varyete pwodwi fre, abòdab ak pratik yo kiltive dirèkteman nan fèm nan. Eta New York—atravè Depatman Agrikilti ak Mache yo, Depatman Sante, Biwo pou Granmoun Aje, ak Biwo Asistans Tanporè pou Moun Andikape—jere plizyè pwogram ki ede fanmi ki gen revni ba yo, granmoun aje yo ak veteran yo jwenn manje fre ki bon pou sante nan mache k ap patisipe yo. Pou aprann plis sou pwogram mache kiltivatè Depatman an oswa pou jwenn yon mache toupre w, ale sou <https://agriculture.ny.gov/farmersmarkets>.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)